*Ассаламу гӀалайкум!*

# ГЬУДУЛЛЪИ

№ 91
(9444)

2012 соналъул
*30 ноябрь*

*РУЗМАН*

*БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА*

*НИЖЕР ИНТЕРВЬЮ*

## НАРКОМАНИЯ-БАЛАГЬАБ УНТИ. УНГЕ ГIОЛИЛАЛ ГЬЕЛЪУЛ КIИЧIИКЬЕ!



***Гьанжесеб балагьаб социалияб унтилъун ккола наркомания, ай батIи-батIиял наркотикал хIалтIизари. Гьелдасан тIубанго цIунун гьечIо магIаруллъиги. КIудияб хIинкъи буго гьелде гIун рачIунел гIелал ругьунлъиялдасан ва гьелдалъун гьезул гIумру хвеялдасан. Гьеле гьеб суалалда тIаса гьабулеб буго дица гара-чIвари районалъул нарколог-тохтур АхIмад МухIамадгIалиевасулгун.***

***-АхIмад, нарколог хIисабалда дуца щиб абилеб наркомания гIадаб балагьалъул хIакъалъулъ?***

-Жакъа наркотикал хIалтIизариялъул ва гьелъул балагьал хIасилазул хIакъалъуль лъаларев чи чIахIияб гIелалда гьоркьов ватизе захIмат буго. Гьезда гуребги гьеб лъазе ккола гIисинал гIелаздаги. Хасго гьел руго гьаб заманалда наркотиказ кIвекIулел. Гьеб балагьаб жоялде нильер улкаялъул васалгун ургъунго цIай, ай нильер халкъ унтараблъун гьаби яги тIубанго тIагIинаби мурадгун бальгояб къагIидаялда хIалтIулеб буго къватIисеб улкаялъул разведка.

Гьединлъидал кигIан гьитIинабги наркотик хIалтIизаби загьирлъани ахIи-хIур бахъинабизе ккола гьединазул эбел-инсуца, педколлективаз ва тIолабго общественностальъ.

***-Кин лъазе кIолел наркотикал хIалтIизарулел лъимал? Гьединго гьелдасан гIолилал цIуниялъе кина-кинал нухал ругел?***

- Наркотик хIалтIизабулев кидаго вукIуна рахIат хварав кинниги. Жиндирго гIелбащададза гьоркьобги гьесиеинтерес букIунаро. Гьесул ботIроль цого наркотикалде бугеб хивал гуреб цоги батIияб жо букIунаро. Гьев вукIуна наркотикалъул иргадулаб дозаялда хадув вортанхъилев. ГIицIго цохIо нухаль хIалбихьаниги, гьесуль гьелдехун кIудияб гьуинлъи бижуна. Щай гурого, гьитIинав чиясул черх щибаб жоялде хеккого ругьунлъулелъул. Гьеб тIоцебесеб нухалда «сайгъаталъе» кьураб, яги хIалбихьеян «гьудулас» букIа, бокьарав дандчIварав чияс букIа,кьураб наркотикалдасан инкар гьабизе бахIарчилъиги гIакълуги гIезе ккола гIолиласул. Гьеб гIечIони хадувккун гьев вачуна жиндирго гIумруялдасан инкар гьабиялде. Гьеб тIоцебесеб нухалдаго инкар гьабичIесе кIиабилеб нухалда инкар гьабизе захIмалъула.

Дур кIиабилеб суалалъе жаваб кьолаго абила. Наркомания гIадаб балагьаб унтиялдасанги гьеб унти кьолел наркотиказдасанги цIуниялъе ругел нухазул цоябльунги аслияблъунги ккола профилактикияб хIалтIи. Гьединго лъикI букIуна гьеб унтул гьитIинабгIаги гIаламат загьирлъарабго гьеб тIагIинабизе хехал тадбирал гьаруни. Хадуб гьабизеян тани, гьеб цIакъго захIмалъула кинабго рахьаль, хIажалъула чIахIиял материалиял харжал.

*(Ахир 3 - гьум.)*

## БАБАЮРТАЛДА БУКIАРАБ ДАНДЕЛЪИЯЛЪУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ

Дагъал церегIан къоязда районалъул бетIер М. ПатхIулаевас Бабаюрталда тIобитIана районалъул СПКязул (колхозазул) нухмалъулелги, фермабазул заведующиялги хурухъанлъиялъулал бригадиралги ,районалъул росдал магIишаталъул управлениялъул тIолалго хIалтIухъабиги гIахьал гьарун гIатIидаб данделъи. Гьединго, гьениб гIахьаллъи гьабуна росдал магIишаталъул суалазул рахьаль райадминистрациялъул бетIерасул заместитель Ж. Завурбеговасги, райбольницаялъул бетIерав тохтур ГI-Р. ГIабдурахIмановасги.

Гьенир гьоркьор лъуна «Хаслихъе рекьул хIасилал», «ГIи-боцIуда хасел тIамизабиялде бугеб хIадурлъи ва рекьулел ракьал хIалтIизари» абурал ва цогидалги суалал.

Гьел киналго суалазда тIаса хIисаб кьеялъулаб гIадаб кIалъай гьабуна росдал магIишаталъул управлениялъул начальник А. Албеговас.

Гьес бицана тIасияб соналъе бачIиналъе 1301 гектаралда ролъулгун пурчIинадул хьон хьанин. БатIаго рекьул иш лъикI анин Хелекьури ва ГIанди росабазул СПКязда.

*(Ахир 4 гьум.)*

## РАЙОНАЛЪУЛ КИНАЛГО ГIАДАМАЗДЕ ХИТIАБ

ТОКСалъул районалъулаб отрядалъ гIемералсоназтIадчIараб хIалтIи гьабулеб буго 1941-1945 соназ КIудияб ВатIанияб рагъда тIагIарал районалъул васал рукъун ругел бакIал лъазариялъе. Нильер улкаялда гьеб хIалтIи гьабулеб букIана СССРалъул заманалдаги гьеб гьабулеб буго гьанжеги. Рагъул майданалда ВатIаналъе гIоло рухI кьурал васазул хIурматалда ва гьел ракIалде щвеялъе улкаялъул шагьараздагун росабазул бакIазда ралел руго памятникал, лъолел руго обелискал. Гьезул хIакъалъуль лъазабулеб буго гьел васал рижарал, гIурал ва фронталде сапар бухьарал бакIазде.

Гьеле гьединаб лъазаби Болъихъ №1 школалъул ТОКСалъулазухъе бачIана Рязань областалъул Севска шагьаралъул ИОКСалъулаз.

Гьениб хъвалеб буго: Рязаналъул ракь фашистаздасан эркен гьабиялъе гIоло багъулеб букIараб 7-абилеб кавалеразулаб дивизиялъул 248 -абилеб полкалда бахIарчияб къагIидаялда рагъулел рукIана Дагъистаналъул Болъихъан васалги. 1943 соналъул 24 абилеб марталда гьениб букIараб гIассияб рагъулъ ВатIаналъе гIоло ва Рязаналъул ракь эркен гьабулаго полкалъул гIемерисез бахIарчияб къагIидаялда рухI кьуна. ЛъикIлъи лъалел Севск шагьаралъул гIадамаз гьел бахIарзал рукъараб бакIалда бана мемориал. Гьелъул хIакъалъуль лъазабун буго Дагъистаналъул хIукуматалдаги. Гьелдаса хадуб Дагъистаналъул нухмалъиялъ гьеб мемориалияб комплексалда лъуна памятник. Гьелда рикIун хъван руго ВатIаналъе гIоло рухI кьурал дагъистаниязул цIарал…

Дагъаб цебе нильер районалъул ТОКСалъулазухъе кагъат бачIана кавалеразулаб 248 полкалъул 7 кавалерас рухI кьураб кьалул майданалда ратарал жаназабазул хутIелазда гьоркьоб батанин Болъихъа Шамсудинов Осман абун цIар хъвараб медальонгиян.

Нижеца гьеб цIар цIехана райвоенкоматалдаги цогидал бакIаздаги. Нижее гьеб цIар батичIо Болъихъ росдал рагъул гIахьалчагIазда гьоркьоб.

Щиб лъалеб, гьев Шамсудинов Осман жибго Болъихъ росулъав гурев Болъихъ районалдаса ватизеги бегьула. Гьединлъидал Болъихъ №1 школалъул ТОКСалъ районалъул росабазул гIадамазда, школазул ТОКСалъулазда гьарула гьеб цIар мухIкан гьабеян, ай гьелъул цIехрех гьабеян.

**ГI. ХАЛИЛБЕГОВА,**
***Болъихъ №1 школалъул ТОКСалъул нухмалъулей***

# БИХЬИНЧИЛЪИЯЛДЕ КЬВАГЬАРАБ ГУЛЛА

Гъираялда цIалана машгъурав журналист,авар миллаталъул унго-унгояв патриот,гIемерал соназ политикиял лъугьа-бахъиназда гъорлъ вугев М.-Р. ШайихмухIамадовасул **«Имамги муфтиги къанщараб къоялъ»** абураб макъала ва къасд ккана гьелда тIасан цо-цо пикраби загьир гьаризе.

Рузман къоялъ бер къапичIого муфтиясде ишан кквезе кIолел,кинабго махлукъат жиндаса чIухIарав ЧикIаса КIудиясде квер борхизе нахъ къаларел къабихIал «гIадамал» жанир хIебтIараб Дагъистаналда иргадулаб кьвагьи бахъана.

Гьанжесалалъ гIужие гъун вугоан, магIарулазул цохIо хутIаравин абизе бегьулев, лъиего къуличIого, хIеличIого, хIаязде лъугьинчIого, лъикIаб къадру-къиматгун цевехун унев политик, унго-унгояв бихьинчи **Сайгидпаша ГIумаханов**.

ТалихIалъ Аллагьас цIунана цIа гIадинав магIарулав-анцI-анцI соназ магIарул халкъалъе хисичIев политикияв хIаракатчи, жиндирго чIара-хьараб пикруги,магIнаяб хьвада-чIвадиги бугев инсан.

КигIан нилъее бокьичIониги,гIемерал гьечIо магIарул политиказда гьоркьор жидерго гьумерги цIунарал, капказухъ, хъулухъазухъ намус-яхIги бичичIел чагIи. Сайгидпаша кидаго вукIана къвакIараб позициялъул, ракIчIараб пикруялъул чи ва гьединавлъун хутIулевги вуго.

Амма дие гьелъул гуро гьаб макъалаялда бицине бокьун бугеб(дица рехсечIониги лъала магIарулазда лъида кигIан цIайи бугебали).Дие бокьун буго цIакъ кIвар бугеб,амма нилъеца кIвар кьолареб цо суалалда, ай авар миллаталъул машгъурал гIадамазда,политикиял ва жамгIиял хIаракатчагIазда гьоркьоб гьечIеб гьуинлъиялда,гъункиялда ва цолъиялда тIадчIей гьабизе.Цогидал миллатазул хал гьабе нужецаго-битIахъе гIодов Аллагь гьавула гьез жидерго цевехъанасул. Даргиязул мисал бачани,анцI-анцI соназ сихIкьотIун **СагIид Амировасдаги МухIамадгIали МухIамадовасдаги** мугъги чIван,парахат магIишат-яшав гьабулел руго.ЛъарагIаз,тумаз,лезгияз ккола жидерго церехъаби,чачаназул бицинего бицинарин.

Нилъ абуни,даимаб къалда рукIуна нилъедаго гьоркьор.

Цоял гIамал кIодолъиялъ,ай жалго жидедаго кIодо рихьун.

Цогидал чияца гьусун,ай хIалихьалъиялъ.

Лъабабилел тIадчагIазда берцин рихьизе бокьиялъ, хъулухъ-пиша,шагьи-пара щолародаян накабазда хъурщулел…

**Накабазда хъурщулел гьазул нахъа чи гьечIищ?**

**-Чияда гьоркь тIепарал, кида гьал тIад рахьинел?**-илан 15 соналъ церего хъварал гьел мухъазул жакъаги кIвар букIиналдаса пашманго вуго дун.

**Сулейманов МухIамадидаса** байбихьараб ва жакъаги гьоркьоб къотIичIеб авар миллаталъул бахIарчияв васазде гьабулеб хIалихьатаб чан , цIакъ ургъун,борца-къотIун ккураб ишан кида гьоркьоб къотIизе бугеб?

Сулеймановги чIаго вукIаравани,цоги анцI-анцI гIолохъабиги чIвачIелани, **ГIадилгерейги** миллаталъул байрахъ гIадин цIунизе кIваравани,чIагоялги цоцалъ гъункун чIолелани,жакъа гIадин гьаримлъиялда гурел,кутакаб къадругун, миллаталъул кIодолъиялда рекъараб цIайигун рукIинаан нилъ магIарулал…

ГIадамасги гьикъулеб гьечIо Сайгидпаша щай жакъа живго цохIо вугевали,**Сагид МуртазагIалиевасулги** гьесулги вацIлъиялъулаб гьоркьоблъиялъулъ кьватIел сундуе гIоло ккарабали.

Щай кIудияб миллаталъул вакилзаби, имам Шамилил ирсилал **Рамазан ГIабдулатIипов, МухIамад ТIолбоев, Загъалав ГIабдулбеков, МахIачев ХIажи,ХIажиев МухIамад, ГьитIинамухIамад ХIажимухIамадов, СайгидахIмад АхIмадов, Эсенбулат МухIамадов** цо кIалдисан кIалъаларел, кIудияс гьитIинавги жанив вачун,гьитIинас кIудиясул адабги цIунун вацал гIадин хьвадуларел?

Щай Керимовасда, Къадировасда бачIого ,цоцада къвал балареб авар миллаталъул матIулъун рукIине рес бугел,амма чияр рагIадлъун хутIарал цо-цо церехъабаз?

Щай **Абусупьян Хархаров, ХIажимурад ГIумаров** гьанже, бакъ щинкIулеб гIужда, кьватIире рахъарал МухIамадгIалил вас хIалтIудаса эркен гьавизе кколилан?Сон,миллат-мацIги кIочон, «дедушкал» кваркьиялда гьоркь рахIаталда рукIарал тIанчIи, жакъа «цIумалилан» чIей магIарулазда бичIчIизехъин гьечIо. БичIчIичIолъиялда гIайибги гьечIо.

Жакъа миллаталъухъ урхъунищ ругел гьел яги магIарулазда гурхIунищ?Божизе бегьилаан,сон къо берда цебе паркъуларебани.

Сайгидпашада божила гьираялда,щай гурелъул киданиги хисичIо гьес тIадчагIаздехун жиндирго пикру.

ХIажимурад Госдумаялде депутатлъун «тункулев» «дед»гурищ вукIарав?!Гьесие гьаркьал «гьаризе»кIвечIел районалъул бутIрузе кигIан гIакъуба-къварилъи кьураб доб мехалда гьес.

Хархаровасул бицинего бицинаро-МухIамадгIалилункъабилев васлъун рикIкIунаан гьев магIарулаз.

Рузман къоялъул гьава-бакъ гIадин рукIине бегьуларелъул бихьинал...

**ЦохIо Хасавюрт буго**
**Халкъалъ мугъ чIвалеб кьуру,**
**Гьебги кьватIун анани,**
**Кьана миллаталъул иш.**

Гьедин хьван букIана дица цо кочIолъ.

КьватIана исана гьебги, амма, талихIалъ, биххун,щущан инчIо. КкечIо миллаталъе, ккезе бегьулеб, кIудияб ками.

МагIарулал кантIизе, цолъизе, цо кIалдисан кIалъазе сабаблъун батаги, бихьинчилъиялде кьвагьараб иргадулаб гулла.Аминь!

**ГIУМАХАН ГIАНДИЙСКИЙ,**
***гIадатияв магIарулав***

## ПРАВО ДОСРОЧНОГО ВЫХОДА НА ПЕНСИЮ БЕЗРАБОТНЫХ ГРАЖДАН

Важнейшим элементом социального обеспечения является пенсионная система. Государственные пенсии в соответствии со статьей 39 Конституции Российской Федерации устанавливаются законом.

Определяя в законе правовые основания назначения пенсий, их размеры, порядок исчисления и выплаты, законодатель вправе устанавливать как общие условия назначения пенсий, так и особенности приобретения права на пенсию, включая установление для некоторых категорий граждан льготных условий назначения трудовой пенсии в зависимости от ряда объективно значимых обстоятельств, характеризующих, в частности, трудовую деятельность (специфика условий труда и профессии и т.д.).

Статьей 32 Закона Российской Федерации «О занятости населения в Российской Федерации» от 19.04.1991 г. № 1032-1 (далее – Закон) определены условия досрочного выхода на пенсию безработных граждан.

Согласно пунктам 1 и 2 статьи 32 Закона органы службы занятости могут предложить безработным гражданам при отсутствии возможности трудоустройства назначить с их согласия пенсию досрочно, но не ранее чем за два года до наступления соответствующего возраста, если безработные граждане:

были уволены в связи с ликвидацией организации либо прекращением деятельности индивидуальным предпринимателем, сокращением численности или штата работников организации, индивидуального предпринимателя;

не достигли возраста 60 лет для мужчин и 55 лет для женщин;

имеют страховой стаж продолжительностью не менее 25 лет для мужчин и 20 лет для женщин, а также необходимый стаж па соответствующих видах работ, дающий им право на досрочное назначение трудовой пенсии по старости, предусмотренной статьями 27 и 28 Федерального закона «О трудовых пенсиях в Российской Федерации».

Решение о выдаче безработному гражданину предложения о досрочном выходе на пенсию принимается органами службы занятости на основании сведений о ходе предоставления государственной услуги содействия в поиске подходящей работы, а также информации безработного гражданина о самостоятельном поиске работы.

Предложение о досрочном выходе безработного гражданина на пенсию может быть выдано службой занятости в том случае, когда исчерпаны все возможности гражданина найти работу. Так предложения на досрочную пенсию выдаются безработным гражданам в случае, когда:

исчерпаны все возможности по трудоустройству;

граждане проживают в отдаленных сельских поселениях, деревнях, где нет работодателей и возможности трудоустройства, даже в рамках общественных работ;

граждане длительно состоят на учете в службе занятости, утратили право на получение пособия.

Пенсия назначается пенсионным органом на весь период до наступления возраста, дающего право на трудовую пенсию по старости, в том числе досрочно назначаемую трудовую пенсию по старости.

Размер этой пенсии определяется по нормам страховой части трудовой пенсии по старости, установленным Федеральным законом «О трудовых пенсиях в Российской Федерации». При этом расходы, связанные с назначением пенсии, осуществляются за счет средств Пенсионного фонда Российской Федерации с последующим возмещением затрат из федерального бюджета.

**А. АЗИЗОВ**
***помощник прокурора***

# САХЛЪИГИ РАЦIЦIАЛЪИГИ ЦОЦАДА БУХЬАРАБ БУГО

Инсанасул сахлъи ва гъесул гIумруялъул хIинкъигъечIолъи цIикIкIараб къагIидаялда бараблъун лъугъун буго тIабигIаталъул ва сверухълъиялъул рацIцIалъиялда. Гъеб рацIцIалъиги живго инсанасда бараб буго тIубараб къагIидаялда. Амма дида абизе кIола киназдаго гурин гъеб биччIунеб бугебан. Масала, инсанас къойидаса-къойиде ургъулел руго цIия-цIиял машинабиги, батIи-батIиял хIалтIаби гьарулеб техникаги, космосалде риччалел руго батIи-батIиял спутникал, гIумруялде рахъинарулел руго гьанжесеб заманалъул церетIурал технологияби. Амма гьединаб цебетIеялде унаго киназго гуро хIисабалде босулеб тIабигIаталъул экологияб хIинкъигъечIолъи букIинаби.

Гьединал чIахIиял суалал нилъер магIарухъ тIуразарулел гьечIониги, тIабигIиялгун санитариял тIалабал цIунулел гьечIолъиялъ гIадамазул сахлъиялъе квешаб асар гьабулел ва гьезул гIумруялъе хIинкъи букIинабулел хIужаби къойидаса-къойиде гIемерлъулел руго нилъехъги. Гьезул цояллъун ккола магIарухъе базаргабаз бачIунеб къватIисел пачалихъазда хIадурулеб къайи: ретIел-хьит,, кванилал нигIматал. ГIемерисел продуктаби ва кванилаб къайи-цIа гьел хIадурарал жалго пачалихъаздагицин гьукъарал руго.

Гьеб гуребги нилъеца ц1унулел гьечIо ва хьачIго хвезарулел руго тIабигIиял бечелъабаздасан пайда босиялда ва гьел хIалтIизариялда хурхарал экологическиял ва санитариял тIалабалгун нормаби.

Ахираб заманалда цоги цоги бакIаздаго гIадин нилъер районалдаги цIикIкIунел руго гIадамазда гьоркьор батIи-батIиял унтаби. ТIабигIаталдеги ва нилъерго сверухълъиялдеги балагьидал, гьелда гIажаиблъи гьабизе жого гьечIо. Нилъ сверун ккун руго хIалтIул заман лъугIун къватIибе бараб цIарагIальги, кванилал нигIматал жанир рукIарал банкабазги, нилъерго производствоялъул пластикалъул шушбузги ва цогидаб чороклъиялъги.

Гьединго, ахираб заманалда районцентралдагун росабалъ, хасго Болъихъ росулъ рищни-хъул баялъе хасал бакIал гьариялъе ва гьеб нахъе баччиялъе тадбирал гьарун ва гьарулел ругониги, абизе бегьула, нилъ рощнолъан къватIире лъугьунел гьечIилан. Цо-цо тIадчагIаз гьеб суалалде кIвар кьолеб гьечIин абураб магIна гуроха гьелъул. . Бищунго цебе гьеб ккола нилъер гIадамазул гIаммаб культура гIодобегIанаб букIиналъул хIасиллъун. Цо росулъ анцI-анцI, къо-къо бетIер санитарияб рацIцIалъиги тIабигIатги цIунизе таниги, хиси ккезе рес гьечIо , гьелъул кIвар районалъул щивав чиясда-кIудиясдаги гьитIинасдаги бичIчIунеб гьечIони ва гьес гьеб цIунулеб гьечIони. Гьединавлъун гьев вукIине ккани гьесулъ букIине ккола рухIияб культура ва рацIцIалъи. Гьеб кколароха гьез ретIулеб хири-хирияб ва чIухIа-чIухIараб ретIел-хьиталда бараб жо. Гьединаб къагIидаялда ретIа-къан ругел гIолил ясазульги васазульги гIолеб гьечIо тIабигIатги сверухълъиялда санитарияб рацIцIалъиги цIуниялъе рухIияб культура. ГIун рачIунел гIелазулъ гьеб куцазе ккола тIоцебе эбел-инсуца, хадуб школалъ ва общественносталъ, Эбел-инсуца лъималазулъ гьеб куцазе ккола бищунго цебе жидерго лъикIаб мисалалдалъун. Жакъайин абуни киналго эбел-инсулъ гуро лъималазда гьеб мисал бихьулеб бугеб. ГIемерал рукIунел руго, рищни-къулалъ цIурал пакетал хасал ящиказухъе разе эбел-инсуца ритIарал лъималаз гьел нухдаго теялъул, яги цере ккарал гIадамазул рукъзабазда цереги лъун нахъе иналъул хIужаби. Гьединаб хIалалда хадуб халкквейги букIунеб гьечIо эбел-инсул, яги гьез лъималазда бичIчIинабулеб гьечIо гьел пакетал тIадаб къагIидаялда дол ящиказдe жанире рехизе ккола бли, гьел нухазда, яги чияр рукъзабазда аскIор тей нахъегIанаб ва сурукъаб пиша букIин.

Дагъав цеве дун щун вукIана Грозныялдеги ва Шали-Ведено районаздеги. Гьениб къватIахъ бер чIвачIо гIодобе рехараб пакеталдаги пластикаялъул шишаялдаги. Гьединго бер чIвачIо гIодобе рехараб танхьил бухIунхутIалдаги яги жанисан сигаретал тIагIиндал г1одобе рехараб пачкаялдаги. Гьединаб рухIияб культура нилъехъе кидадай щвелеб?

Кинха гьебщвелебжакъанилъер учителасдаги, чиновникасдаги , тохтурасдагицин сурун бихьулеб гьечIони бухIунхутI, яги сигарета тIагIараб пачка бокьараб бакIалде гIодобе рехи.

Цо-цо бакIаздаго гIадин нилъехъги лъикI букIинаан, районцентралдагIаги, пакет, чIобогосеб шиша, сигаретазул пачка яги рищни-хъул гIодобе рехулезда хадуб хал кколеб цIалдохъабазул хасаб отряд г1уц1изе.Узухъда, гьезие малъа-хъвай гьабизе ккола класстун къватIиб хIалтIи гьабулев учителас.

Нилъер районалъул росабазул ракьал руго дагъал ва гьелдаго цадахъ чабах хIалал рукIиналъ рихха-хочи гIемерал. Гьедин бугониги расниги намуслъичIого ва хIинкъи гьечIого бокьа-бокьарал бакIазда рухь-рухъун ралел руго ракьал, сали босизеян рухъулел руго чIахIиял гвендал. Щибго гьечIеб гIадин, бухьаралъуб бухьараб, биххаралъуб биххараб толебги буго. ЦIадал рараб заманалдайин абуни гьеб кинабго цIадул иххаз гIадамазул рукъзабазухъе, хурзабахъе бачIунеб буго.

Гьединаб хIалалда сверухъ хIалтIи гьабизе лъикI буго росабазул администрацияз. Гьеб рахъалъ гьезие кумек щвезе ккола районазда гьоркьосеб экологияб идараялдасанги.

Учреждениязулгун организациязул нухмалъулездаги, бакIал ралел гIуцIабаздаги гьединал хIалтIаби гьарулел жалго гIадамаздаги лъазе ккола ракьулгун, ганчIилгун рохьазулгун гьарулел хIалтIаби районалъул экологияб хьулухъалъулгун дандбазе ва гьелъул малъа-хьваялде гIинтIамизе кколеблъи.

Гьеб гуребги щивасда лъазе ккола, гьаб зобги космосги чороклъун бугеб заманалда нилъедаго кIолеб къагIидялда тIабигIатги сверухълъиялда санитарияб рацIцIлъи цIунунгIаги нилъерго сахлъиги гIумруги цIунизе кколеблъи.

Сахлъиги рацIцIалъиги цоцада бухьараб буго ва гьеб щивасул ва киназулго кодоб буго.

**Ш. ЛАБАЗАНОВ**

***НИЖЕР ИНТЕРВЬЮ***

# НАРКОМАНИЯ-БАЛАГЬАБ УНТИ. УНГЕ ГIОЛИЛАЛ ГЬЕЛЪУЛ КIИЧIИКЬЕ!

***(Авал 1 - гьум)***

Профилактикияб хIалтIи байбихьизе ккола лъимал гьитIинго рукIадго. Гьабизеги ккола гьеб гIакъилго. Гьезда хIалалъго хурхинабулеб гIадаб букIине бегьуларо. Гьелгун дандчIваялда гьезие наркоманиялъул бицине лъугьани, хIасил гIаксияб кьезе бегьула.

Лъимал ругьун гьаризе ккола жидерго захIмалъаабзе къимат кьезе лъалелллъун ва жидерго гIишкъул хьаравуллъи гьабизе кIолелллъун.

Гьел ругьун гьаризе ккола нагагъ гьесие наркотик кьолеб бугони «Гьеб нижеца, яги дица гьабизе гьечIо»,-ян абизе кIолелллъун.

Гьединго хIасил кьолеблъун ккола папирос цIаялъул, гIаракъи гьекъеялъул ва наркотикал хIалтIизариялъул заралалъул ва гьез хадурккун балагьалде рачунел рукIиналъул хIакъалъулъ школазда зама-заманалда тематикиял вечерал тIоритIулел ругони. Узухъда, гьел вечеразда гьарулел кIалъаял рукIине ккола гIакъилал, хIужабаздалъун бечедал.

ХIалбихьиялъ бицунеб буго гьединал вечерал хIасил кьолелллъун рукIунин батIи-батIиял тадбиразда цадахъ тIоритIарал. Масала, гьенир гIуцIизе лъикI буго батIи-батIиял конкурсал, хIаял, видеофильмаби рихьизари.

-Нагагьлъун эбел-инсудаги лъачIого гIолилав наркотиказде ругьунлъун ватани кинаб тадбир гьабизе кколеб?

-Бищунго цебе гьабизе кколеб ва бищунго захIматаб суаллъун ккола гьев наркотик гьечIого чIезе ругьун гьави, гьеб хIалтIизабизе гьев виччангутIи, обществоялъул ва хьизамалъул мустахIикъав членлъун вахьиналъе гьесие кумек гьаби. Узухъда, гьелъие къваригIуна цIикIкIун заман ва чIалгIинчIеб, хIаракатаб захIмат. Гьеб кинабго гьабизеги ккола махщел камилав наркологасул малъа-хъваялда рекъон.

Лъазе ккола наркотикал бигьаялги захIматалги рукIунеблъиги ва кIиязго батIалъи гьечIогобалагьалдерачунеблъиги. Гьеб кIиябго тайпаялъ гIолилал бигьаго хвалилаб гIужие росула. Гьелде дандчIезе гIолилазе къваригIуна ,тIоцебесеб иргаялда, бичIчIибуголъиги бахIарчилъиги ва бихьинчиясулаб сабруги.

Щивасда лъазе ва бичIчIине ккола хIалбихьиялъе цохIо кIкIуй бахъеян яги сунтIеян наркотик кьолев чи дур тушман вукIин. ВукIинаревги кинха мун балагьалде цIазе хIаракат бахъулеб бугелъул гьес!

-БитIараб буго дур. Гьелде ине бегьуларо рахасги бан цIалев вугониги!

АхIмад, баркала лъикIаб малъа-хъваялъухъ.

**Ш. ГIАЛИЕВ**

ГЬУДУЛЛЪИ

Газета гIуцIарал:

Болъихъ районалъул администрация ва редакциялъул коллектив

Учредители:
Ботлихская районная администрация и коллектив редакции

БетIерав редактор
ГI. ГIумаханов

Редакторасул заместитель
А. Агъларов

Жавабияй секретарь
П. Чупалаева

Отделалъул редактор
Ш. Лабазанов

Мухбир
П. Дибирова

Фотокорр.
Ш.МуртазагIалиев

Корректор
С. ИзмагIилова

Наборщица
П. Эльдарова

Верстальщица
А. Назирбекова

Программист
А. Ибрагьимова

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.
Адрес: 367018, МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газеталъул регистрация гьабуна Югалъулаб округалъул регионазда гьоркьосеб бакIалъулаб управлениялъ.
Регист. ПИ № 10 - 4614

Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз.

Тираж 2500

Наш эл. адрес
druzhba555@mail.ru

# МАЦI ГЬАБИ

Инсан мунагьал гьаризе хIинкъизе ккола. Гьабураб мунагьальухъ букIунеб гIакъубакъварилъиги гьесда лъазе ккола. Амма руго цо-цо мунагьал нилъеца бичIчIи гьечIолъиялъ гьарулелги. Гьеле, гьединаллъун кола кIалзул мунагьал. Гьездасан бищунго бакIаб ва хIинкъи цIикIкIараблъун рикIкIуна мацI гьаби. МацIихьанилан нилъеца абула гIадамазул гьоркьоблъи хвезаби, хIалуцинаби мурадалда цоязухъа цогидазухъе харбал щвезарулев чиясда.

Киналго гIалимзаби тIадрекъон руго гьеб иш хIарам букIиналда. Гьеб гьединаб букIиналъе нугIлъи гьабулел гIемерал хIадисалги аяталги руго. Масала, салат салам лъеяв Аварагасул кьучIаб хIадисалда абулеб буго. **«МацIихьан алжаналде жаниве лъугьинаро»**,-ян. Цо нухалда Аварагас (с.. гI.с) хабалазда аскIосан унаго кIиго хобги бихьизабун абунила. «Гьанир ругел гIадамазе гIакъуба кьолеб буго. Гьеб гIакъуба буго гIадамазда тIаса мацI гьабиялъе гIоло кьолеб». Гьединго аварагас (с.г1.с) абун буго. «ГIадамазда гьоркьоса бищунго квешал ккола цоязухъе цо гьумергун цогидазухъе батIияб гьумергун унел, ай кIигьумерчагIи. Гьаб дунялалда жиндир кIиго мацI бугев чиясе Аллагьас доб дунялалда цIадул мацI гьабизе буго»,-ян.

Щибха гьабизе кколеб нилъехъе мацI гьабун чи вачIани. Гьеб мехалда нилъеца гIамал гьабизе ккола хадусеб анлъго къагIидаялда: тIоцебесеб, гьев чияс бицанщинаб жо уяб бугилан ккезе бегьуларо; кIиабилеб -тIадаб буго гьеб хабар бицине вачIарав чиясда гьес гьабулеб гIамал мунагь кIудияб иш букIин бичIчIизабизе; лъабабилеб - жинда бицаравилан абулев чиясул хIакъалъулъ квешал пикраби рекIелъе риччазе бегьуларо;

ункъабилеб- Аллагьу ТагIалаясе гIоло мацIихьанасда ццин бахъине ккола, щайгурелъул, гьев кколелъул жидеда бетIергьанасул ццин бахъараздасан цоявлъун; щуабилеб-гьединаб хабар рагIараб, бачIараб мехалда лъида букIаниги хадуб хал ккевзе лъугьине бегьуларо гьеб хабар битIараб бугишали пикругун. Жасуслъи ва чиясда хадуб халкквей Исламалда какараб буго; анлъабилеб-мацIихьанасда рельлъун, гьес бицараб цогидазда бицине бегьуларо.

Цояс СахIаб ибн ГIабдурахIманихье кагъат хъван буго пуланав чияс бесдалазул мулк босулаанилан. Кагътил нахъияб рахьалда жавабалъе гьес хъван буго, «МацIал гьари буго цIакъ гIодобегIанаб, инжитаб пиша, хIатта гьеб битIараб бугонигицин. Аллагь гурхIаги хваразда. Аллагьас бесдалалги ритIун ккезареги. Аллагьас гьезул рикъзиги гIемер гьабеги мацIихьанги Аллагьас нагIана кьурав чи вуго»,-абун. Руго гIалимзабаз гьадинан хъварал бакIалги; «Лъица бугониги цогидасухъан хабар босун бачIани, духъан хабар босунги гьев гьесухъе ине вукIин лъай».

Цере рукIарал лъикIал гIадамазул цояв жиндирго вацасде щвезе вачIанила ва цогидав вацасул жиндиего гIечIеб гIамалалъул хIакъалъулъ бицине байбихьанила. Гьеб мехалда вацас гьесда абунила. «Я ,дир вац мун дихъе вачIана мацIа,л гьарун ва гьелдалъун мун лъабго батIияб мунагьалъукьеги ккана. ТIоцебесеб - дурго вацасде ццин бахъинабуна, кIиабилеб -дир пикру вас-васиялде буссинабуна, лъабабилеб- дун дудаго щакдаризе тIамуна.

Цо нухалда ХIусенил вас ГIалихъе вачIун вуго цо чи ва гьес абун буго щивалиго чияс дур хIакъалъулъ щибалиго абунаян. Гьеб мехалда ГIалица абун буго,- «Вилълъаха гьев чисда аскIове»,-ян. АскIове щвейгун гьев чиясда абунила: «Дуца дир хIакъалъулъ абураб битIараб батани, Аллагь дуда тIаса лъугьаги. Нагагьлъун дуца дир хIакъалъулъ абунщинаб гьереси батани, дун дуда тIаса лъугьунев вуго»,-ян.

Буго гьадинаб кици-биценги:

Цо бечедав чиясда лагь вичулев ватанила. Гьесул бетIергьанас абулеб богоанила, лагъасул бугеб цого цо гIунгутIи бугин мацIал гьари. Бечедав чиясда гьеб гIунгутIи кIвар гьечIеблъун бихьанила ва гьес лагъ вичун восанила. Цо заманалдаса гьес хважаинасул чIужуялда абунила. «ХIурматияй бика, дур росасе мун екьуларо ва гьесул нигат буго цоги чIужу ячине. Гьединлъидал, ай росасул дудехунго рокьи цIунизе, гьесул магжидасса цо чанго рас носоца кIкIвай»,-ян.

Гьеб гIакълуги кьун, лагъ гьелъул росасухъе гIедегIанила ва абунила:«ХIурматияв хважаин, дур лъадуе батIияв чи вокьун вуго ва долда ракIалда буго къаси мун чIвазе. Нагагьлъун мун дида божулев ватичIони, къаси кьижараб ххвел гьабун чIа ва дуда йихьила кодоб нусги ккун гьей дуда аскIое гIагарлъулеб куц». Хважаин лагъасул рагIабазда божанила ва сардилъ гьес малъухье чIанила. Ва гьале цо заманалдаса кодоб нусги ккун лъади жинда тIаде кулараб мехалда, гьелъул кодосаги босун росас носоца гьей жийго чIванила. Гьеб хабар рагIарабго лъадул гIагарас гьевги чIванила, гьеб кинабго сабаблъун кIиго тухумалда гьоркьоб питнаги бекьанила.

Гьаб ахираб заманалда, цIакъ кIвар кьезе кколеб суаллъун ккола кIалалъул мунагьаздасан цIуни, гьеб мацI гьаби нахъегIанаб рекъечIеб гIамал ккола. Амма гьеб бичIизе бегьуларо ритIухъаб, битIараб рагIи бициналдаса инкар гьаби гIадин. ТIасан кIалъай ккола, гьев чиясдасан гьесул хIакъалъулъ гьев гьечIого бицин, гьеб бицин, кинабгIаги диналъ сурукъаб ишлъун рикIуна. Хасго исламияб диналъ абулеб буго, муъминчиясул квешал, магIна гьечIел пишаби рахчеян ва, гьес хадубккун гьабичIого тей мурадалда ,гьесие гьелъул хIакъалъул бицун тарбия кьеян. Гьеб ккола вацIадав муъминчиясул исламияб хьвада-чIвади.

**ХI. СУЛЕЙМАНОВ**
*БСШ№1 гьоркьохъеб школалъул учитель*

# БАБАЮРТАЛДА БУКIАРАБ ДАНДЕЛЪИЯЛЪУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ

*(Авал 1- гьум.)*

-ГIи-боцIуда хасел тIамизаби гIадаб жавабчилъи цIикIкIараб масъала тIубазабулаго лъикIал хIасилал ккана,-ян абунаАбакар Албеглвас.- ХIадурун ва фермабазде аскIобе баччун буго 13,5 азарго тонна лъикIаб качествоялъул хер, 541 тонна ролъул сумалъул. Гьединго хIадурун буго 451 тонна кIалцIи-кормаялъулги. Гьеб нилъее гIунги тIокIаб буго, кигIанго халат бахъараб хасел бачIаниги, гIи-боцIуда бергьенлъиялда хасел тIамизабизе.БатIаго хасел тIамизабиялде лъикIаб хIадурлъи буго Хелекьури, ТIасутIа росабазул СПКязда. Гьеб кIвар бугеб иш бехъерхъизабун букIана Гъагъалъ ва РикIвани росабазул СПКязда. Гьездасан тIалаб гьабуна хехаб заманалда гIунгутIаби тIагIинари.

-РайоналдахIалтIизабичIогорехун тун буго 541 гектар бекьулеб ракьул,-илан абуна хадубги управлениялъул начальникас. -Аслияб къагIидаялда гьеб буго РикIвани ва АнсалтIа росабазул СПКязда. Гьеб ракь тIасияб соналъ рекьул планалде бачин тIалаб гьабулеб буго районалъул бетIерас. Гьеб тIадкъай балагьизабизе тIубазабиялде буго районалъул росдал магIишаталъул управлениялъги гьелъул специалистазги жидерго жавабчилъиги хIаракатчилъиги. Щай абуни, рекьулел ракьал гьездасан пайда босуларездасан нахъе рахъизеги бегьулелъул.

Данделъиялда хасал масъалабигун ва рихьизариялгун кIалъай гьабуна районалъул бетIер М. ПатхIулаевасги.

Гьединго, кIалъазе рахъана Ж. Завурбегов, ГI-Р. ГIабдурахIманов ва СПКязул цо-цонухмалъулелги.

***НИЖЕР МУХБИР***